

Nan Jou Vizit Telekonsiltasyon (videyo) W lan

Pwochen vizit oumenm oswa pitit ou a nan Nationwide Children's Hospital ap fèt atravè telekonsiltasyon gras ak Epic Video client ak kont MyChart ou a. Telekonsiltasyon pèmèt nou ede oumenm ak pitit ou a san yon vizit an pèsòn.

Bagay w ap bezwen anvan vizit videyo ou a:

- Kont MyChart. Gade lyen sa a pou plis enfòmasyon sou MyChart: [NationwideChildrens.org/family-resources-education/MyChart](https://www.nationwidechildrens.org/family-resources-education/MyChart)
- Smatfòn, tablè elektwonik oswa òdinatè avèk kamera epi mikwo:

Si w bezwen entèprèt, yon fwa ou fin monte sou apèl la ak founisè w la, l ap ka konekte yon entèprèt sou vizit videyo a.


Nan jou vizit ou a, konekte ak kont MyChart ou a 15-30 minit anvan lè vizit la.

Pou gen aksè ak kont MyChart ou a ale nan MyChart.NationwideChildrens.org/MyChart

Si W ap Itilize yon Òdinatè:

Anrejistre tèt ou anvan randevou w lan

Tanpri konplete anrejistreman anliy lan anvan randevou telekonsiltasyon w la kòmanse.




Pandan anrejistreman anliy lan, w ap:

- Verifye epi mete ajou enfòmasyon pèsònèl asirans ak medikal yo
- Siyen fòmilè Konsantman yo
- Konplete kesyonè yo


W ap anrejistre otomatik nan randevou telekonsiltasyon w lan yon fwa ou fin konplete pwosesis anrejistreman anliy lan.

Monte sou Vizit Videyo a


1. Apre w fin konplete anrejistreman anliy lan, ou pare pou w kòmanse vizit videyo a.
 - Ou ka envite lòt moun monte vin vizite avè w. Y ap voye yon tèks oswa yon imèl ki gen yon lyen pou yo monte sou vizit videyo ba yo.
 - Si w pare pou patisipe: seleksyone "**Join the Video Visit**" (**Monte sou vizit videyo a**). Lyen an aktif 30 minit anvan lè randevou w lan.




2. Apre w fin seleksyone "**Join Video Visit**" (**Monte sou vizit videyo a**), Navigatè aparèy ou a ap lanse.
3. Nan moman sa, ou ka:
 - Verifye kamera w ak mikwo w.
 - Teste opalè w.
 - Chanje fon a.
 - Chanje non afiche ki parèt la (sof pou vizit gwoup).
4. Lè w pare, seleksyone bouton "**Join Call**" (**Monte sou apèl la**).



W ap monte sou yon sal datant vityèl jiskaske founisè w lan monte sou apèl la tou.





Navige sou Vizit Videyo a




1. Seleksyone desen mikwo a pou koupe oswa reyaktive son an.
2. Seleksyone desen kamera a pou aktive oswa dezaktive videyo k ap parèt pou bò pa w la.
3. Sèvi ak desen Mesaj la si w vle ekri founisè a yon mesaj.
4. Seleksyone " **Leave call**" (**Kite apèl la**) pou mete fen nan vizit vi a.

Sèvi ak Aplikasyon Mobil MyChart

1. Tanpri konplete anrejistreman anliy lan anvan randevou telekonsiltasyon w la kòmanse.
2. Pandan anrejistreman anliy lan, w ap:
 - Verifye epi mete ajou enfòmasyon pèsònèl asirans ak medikal yo
 - Siyen fòmilè Konsantman yo
 - Konplete kesyonè yo
 - Wap anrejistre otomatik nan randevou telekonsiltasyon w lan yon fwa ou fin konplete pwosesis anrejistreman anliy lan.
3. **Asire w ou apwouve aksè pou kamera ak mikwo w.**
4. Apre w fin konplete anrejistreman anliy lan, ou pare pou w kòmanse vizit videyo a.
5. Nan moman sa, ou ka:
 - Verifye kamera w ak mikwo w.
 - Teste opalè w.
 - Si w pare pou patisipe: Seleksyone "**Join call**" (**Monte sou apèl la**). Lyen an aktif 30 minit anvan lè randevou w lan.



W ap monte sou yon sal datant vityèl jiskaske founisè w lan monte sou apèl la tou.



Konsèy

1. Men navigatè Enfòmàtik yo sipòte yo. Si w pa p sè ak yon nan sa yo, videyo a ka pa mache:

		Android:	Windows	MacOS
Chrome	Rekòmande	Rekòmande	Rekòmande	Rekòmande
Edge	Okenn sipò	Pa rekòmande	Rekòmande	Rekòmande
Safari	Rekòmande	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Rekòmande
Firefox	Pa rekòmande	Pa rekòmande	Pa rekòmande	Pa rekòmande
Opera	Okenn sipò	Pa rekòmande	Pa rekòmande	Pa rekòmande
Samsung Internet	Pa Aplikab	Pa rekòmande	Pa Aplikab	Pa Aplikab

2. Si w ap sèvi ak yon aparèy Apple epi ou ouvè fenèt mesaj la, li ka afiche twò laj. Ou ka apiye sou desen mesaj la ankò pou w fèmen l.
3. Pou pwoblèm teknik MyChart, rele (614) 938-3000.





NATIONWIDE CHILDREN'S®